ПсэкIэ къулей щIэблэ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Хахуагъэ нэсым и зы щапхъэ

3-нэ нап.



Зыри зыпэмылъэщ «Автозапчасть»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№12 (24.450) ● 2023 гъэм мазаем (февралым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикIыжыр напэщ

4-нэ нап.



КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Къэрал Думэм и депутатхэр КъБР-м щыIащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ дзэ операцэ хэхам республикэм щыщу хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуным теухуа зэпэщIэ. Урысейм и Президент Путин Владимир къызэригъэувам ипкъ иткIэ мы Iуэхур зэпымыууэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и нэIэм щIэтщ.

ЗЭIУЩIЭМ щIэсащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, операцэ хэхам пыщIа Iуэхуэхмкlэ парламент лэжьакIуэ гупым хэтхэу УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу **Тайсаев Казбекрэ Лантратовэ Янэрэ**, Запорожье областым ЗыужьныгъэмкIэ и корпорацэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу **Сытов Николай**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим**, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министр **Лу Азэмэт**, КъБР-м и дзэ комиссар **Пахомов Дмитрий** сымэ.

Къэпсэльаухэм зэпкърахащ мобилизацэм ипкъ иткIэ дзэм яшахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэрагъэпэщащ. Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ къызэрагъэпэщащэу щытащ дзэ операцэ хэхам хэтхэм ядэIэпыкъуныкIэ оперативнэ штаб. Абы къызэщIигъэIуэурэ, гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр Донбас щыпсэу хэмрэ ар зыхъуамэхэмрэ хурагъашэ. А дэIэпыкъуныгъэхэр зэхуэхьэсыным къаруушуэ ирахьлIэ властым и лэжьакIуэхэм, бизнесым и IэнатIэм пэрытхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм, волонтёрхэм, республикэм иц1ыху къызэрыгуэкIхэм. Республикэм и унафэщIым езыр и щхьэкIэ тхьэмахуэ къэс яхуозэ дзэм кIуляку щыЗыщIэхэм я унагъуэ щхьэхуэхэм ящыщхэм. Апхуэдэу муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм гулыьитэшхуэ хуащI дзэм щыIэхэм я унагъуэхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм.

ЗэIущIэм къыщIэтащ дзэ операцэ хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ етыным хуэгъэзащэ зэущIигъуу ягъэзэщIэну проект щхьэхуэхэр. Мусуков Алий УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм ф1ыщIэ яхуищIащ абыхэм дзэ кIуляку щыIэхэм я Iэхъуэхэр жыджэру зэрыпхагъэкIым папщIэ икIи кIыхьигъэщхьэжыкIащ абы и лъэныкъуэкIэ федеральнэ Iэнатl эм зэрыдзэпачъэм ди щIыналъэм и зэфIэкIхэр зэригъабагъуэр.

Ди гъуэгухэр ефIэкIуэнущ

КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ гъуэгу лэжьыгъэхэр республикэм къызэрыщызэрагъэпэщым теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр Дыщэкl Асльэн, Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз сымэ.

ДЫЗЫХЫХьА илъэсым щIыналъэм щрагъэкIуэкIыну гъуэгу лэжьыгъэхэм КъБР-м и Гъуэгу фондым и бюджет ахъшэу сом меларди 4,1-м щIигъу хухах. Ялпэхэми хуэдэу, республикэм и Iэтащхьэм и унафэм ипкъ иткIэ лэжьыгъэхэр лъэныкъуэ псори къэлъытауэ къызэрагъэпэщ икIи ялпэ ирагъащ школхэм, сымаджэщхэм, псэупIэ хъэблэхэм екIуалIэ гъуэгуэгъэ. Экономикэм и Iэнатlэр къащтэмэ, гулыьитэ хэха хуащI турист зекIуалIэхэмрэ промышленнэ щIыналъэхэмрэ я инфраструктурэр егъэфIэкIуэным. Мы гъэм яхуэфэщэн гулыьитэ ягъуэтынущ муниципальнэ щIыналъэхэм икIи абыхэм щекIуэкIыну лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэнущ сом мелард 1,4-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кIалащхьэм и закъуэ щызэрагъэпэщыныгъэр уэрам нэхъыщхьэу куэд мэхъу. Зыхуей хуагъэзэн папщIэ планым хагъэхьахущ Къэбэрдей уэрамым щыщу Идарым и уэрамымрэ Осетинскэ уэрамымрэ я зэхуакум хиубыдэ Iыхьэр, Осетинскэ, Пятигорскэ, ЕтIуанэ Таманскэ дивизэ уэрамхэм, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым ящыщ Iыхьэ пыуыкIа-хэр. Абыхэм лэжьыгъэхэр 2024 гъэм кърифыбзэу щызэфIагъэкIынущ. Нэхущыыпкъэ КъалмыкIым-рэ я уэрамхэр зэрыщыгъу зыхуей хуагъэзэнущ.

Мэзломрэ Руставелирэ я уэрамхэм ящыщу Профсоюзнэ уэрамым къыщегъэжьауэ ЕтIуанэ Таманскэ дивизэ уэрамым нэсыху хиубыдэхэри зэрагъэпэщыжынущ. Зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Прохладнэ къалэм и ЦIыхухуитыныгъэ уэрамымрэ Нарткъалэ и Къэбэрдей уэрамымрэ. Планым апхуэдэу хэтщ Балъкъэр Ипщэ, Арыкъ къуажэжэр, Мухол посёлкэр, Солдатскэ станицэр. Асфальт щIэуэ тралъхьэжынущ Эльбрус, Бахъсэн Ипщэ, Зэрыгъыж, Светловодскэ, Каменномост, Хьэбзэ, Псынэдахэ, Аргудан, Нарткъалэ, Ерокъуэ, Пэсэжи ЕтIуанэ, Новоивановскэ, ЩхьэлыкIуэ, Каменкэ, Джэрмэншык жылагъуэхэм я уэрамхэм.

Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Каменномост - Хьэбзэ, Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Суканг-Су гъуэгуэгэ зэгъэпэщыжыныр, апхуэдэу Вольнэ Аул - Хьэсэнэй - Джэрпэджэж автомобиль гъэгум щыщу Хьэсэнэй хуубыдэр капитальнэу зыхуей хуэгъэзэныр. ЩIадзауэ къагъэщIэрэщIэж Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу автомобиль гъуэгур. Къаруушхэ ирахьэлIэнущ лъэмыжхэмрэ гъуэгу зэхэкIыпIэхэмрэ яджырей мардэхэм хэриубыдэу зэгъэпэщыжыным. Апхуэдэу гъуэгухэм ящыщу километр 75-м щигъуи, лъэс зэпрыкIыпIэ 42-м иджырей уэздыгъэхэр щыф1адзэнущ.

Лэжьыгъэ псори ирагъэкIуэкIынущ «ФIагъ лъагэ зиI» гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектымрэ федеральнэ программэхэмрэ ялкъ иткIэ.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм хэтахэм яхуиГъэващ лэжьыгъэхэм я ф1агъымрэ ахэр и зэманым зэрагъэзащIэмрэ нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну.

Къалэныщ1эхэр яубзыху

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и гъатхэ лэжьэгъуэм и пэщIэ зэIущIэ иригъэкIащ. Ар, зэрыхабзэу, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнэмкIэ къызэIуахащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Лыкlуэу УФ-м и сенатор **Ульбашев Мухьэрбий**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, УФ-м и полномочнэ лIыкIуэу КИФШ1-м щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и Iуэхуэхмкlэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, КъБР-м и прокурор **Хабаров Николай**.

Зэ1УЩIэм Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ депутатхэм къалэн нэхъыщхьэу къапщIыхьэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэу абы кIыгъэлъэгъуахэм ящыщщ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хъумэным, экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным я нэIэ зэрытрагъэтыпхэр.

Ди къэралыр иджыпсту зыхэт гъэунэхуныгъэхэр къэтлъытэу, гупльитэ яхуэтщIын хуейщ Украинэм щекIуэкI Iуэхуэхэм хэтхэм. КъБР-м и Парламентым зыкъыхуагъазэ дзэ Iуэхум хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ящыщ куэдым. Абы кIыхьэкIыу депутатхэр фыкъыхуехуэжэнут ахэр зыпэщIэхуэ гугъуехьхэр зэхэгъэкIыным нэхъ жыджэру фелэжьынкъ, - жиIащ Егоровэм. - Пытхэ лэжьгъуэм ди нэIэ зытедгъэтыныхэм ящыщщ щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуным, унагъуэхэм ядэIэпыкъуным, щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным, ди туризмэр адрей щIыналъэхэм яйм екъэхуэфын хуэдэу зедгъэужьыным хуэгъэзэ Iуэхуэхэр.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентыр адэкIи жыджэру зэрелажьынур УФ-м и Къэрал Думэм хабзэщIэхэм ятеухуа жэрдэмхэр егъэхьыным, парламент зэдэлэжьэкIэм зрагъэубгъуным, я зэIущIэхэр республикэм и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIыным.

Егоровэ Татьянэ жиIащ 2023 гъэм Урысей Федерацэм и Конституцэм илъэс 30 зэрырикъур, абы кIыхькIыу республикэм и экономикэр, социально-политикэ Iуэхуэхэр зыхуэдэр нэхъ убгъуауэ къызэрапщытэнур. «Къэпщытэныгъэхэм елъытауэ щытынущ къащтэ законхэм я ф1агъыр. Ар къыдэхъулIэн щхьэкIэ дэтхэнэри и къару емыблэжу елэжьыным хуейщ КъБР-м и Парламентым и пащэльхэр гъэзэщIэным. А Iуэхуэхэр, шэч хэмылъу, республикэм и унафэщIхэм, щIыпIэ унафэр зезыхьэ Iэхъуэщ1апIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я гъусэу къызэдгъэпщынчъхьэщ», - дыщIигъуащ Егоровэм.

Зэ1ущIэм къаруу имыльэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэшым щыхухэа щIыхэр къызэрагъэсэбэпым теухуауэ» Законым и Iыхьэ 4-м, «КъБР-м и бюджет ухуэкIэм теухуауэ» Законым и 29-нэ статьям и Iыхьэ 3 и пункт 3 - 1-м.

Депутатхэр арэзы техъуащ УФ-м и Къэрал Думэм ирагъэхьыну законодательнэ зэрэдэмэ 3-м. Абыхэм ящыщщ «Сабий зеинщIэхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщыжыгъэмрэ къэралым зэрызащIигъэкъуэну IэмалыщIэхэм теухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 8-м зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэныр и Iуэхуэ1э» федеральнэ законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** зэрыжиIамкIэ, зэхъуэкIынигъэхэр зыхалъхьэ статьим ипкъ иткIэ, къэралым пщэрлъ зыщещIыж сабий зеинщIэхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщыжыгъэмрэ илъэс 18 ирикъуэ нэужь унэ къахуищэжнур. Аз статьям и пункт 31-м и Iыхьэ 5-м къыщIигъэлъэгъуащ зи гугъу ящIхэм ящыщ дунейм ехыжмэ, зи унэ зратынухэм я чэзум зэрыхаудыжыр. Ар къэлъытауэ къыхахльхьа законопроектым щыгъэбелджылыжащ сабий зеинщIэр, зи адэ-анэ зыщхьэщыжыгъэмрэ дунейм ехыжмэ, апхуэдэуи абыхэм ящыщу Украинэм щекIуэкI Iуэхуэхэм я къэлэныр щагъэзащIэу хэкIуадэмэ, унэ кратыну яIэ хуитыныгъэр и щхьэгъусэмрэ балигъ ныбжьым нэмыса и сабийхэмрэ къаэзрыхуэнэр. Законопроектым и гуэдзэнхэр къагъэсэбэпыну къыхалъхьэ 2022 гъэм мазаем и 24-м - Украинэм щекIуэкI Iуэхуэхэм къыщыщIадзам - щегъэжьауэ.

«Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, зэIущIэм щедэIуащ Урысейм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэиными и илъэсыр зэрекIуэкIам теухуауэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьадин** лэжьыгъэр къызэщIикъуэжу жиIам. Абы къыхихгъэщащ республикэм и районхэми къалэхэми Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр зэрыщекIуэкIар, ахэр псори Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр хъумэным, абыхэм щалэгъуалэр дегъэхьэхьным хуэгъэзауэ зэрыщытар. Министрым упщIэхэмкIэ зыщыхуагъаззэм, КъБР-м и Парламентым и депутат **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** къыхихгъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я бзэр, щэнхабзэр хъумэныкIэ зегъэужьыныр, щэн хэмылъу, мыхьэнэшхуэ зэрэIэр. Гугъуехьхэм ящыщу абы къигъэлъэгъуащ къэралым къыдигъэкI газетхэм, журналхэм ящыщу традзэм и бжьыгъэр зыхуэдизыр зэрыхэплъэгъуэр икIи абы и хэкIыпIэм КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныр хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетымрэ зэгъусэу елэжьын зэрыхуэр.

2022 гъэм и бжьыхьэ лэжьэгъуэм зэфIагъэкIам теухуауэ зэIущIэм къыщыпсалъащ КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и сенатор **Ульбашев Мухьэрбий**. Абы къыжигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэри къулыкъущIапIэхэри зэрызэдэлэжьам нэгъабэ ехьулIэныгъэ къазэрыхуихьар, Урысейм и Правительствэм, Финансхэмкlэ и министерствэм, нэгъуэщI федеральнэ Iэхъуэщ1апIэхэми зэрадэлэжьэнур тэмэму зэрызэтраухуар. Сенаторым зэрыжиIамкIэ, 2022 гъэм Федерацэмкlэ Советым зэIущIэ 21-рэ иригъэкIуэкIащ, абыхэм закон 600-м щIигъум щыхэплъащ.

Сенаторым къыхихгъэщащ КъБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи жыджэру законхэм зэрелэжьыр икIи абыхэм ятеухуауэ къыхилъхьэ жэрдэмхэмкIэ щIыналъэ нэхъ пашэхэм ар зэращIыщыр. Абы жиIащ щIыналъэм и бюджетыр щызэхагъэувэми, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр набдзэгубдзаплъэу абы зэрыхэплъар.

- 2023 гъэм и бюджетыр гугъущ, ауэ дыкуIщIэкъуащ щIыналъэхэм я бюджетыр зэгъэзэхуэным хухах. дотацэм щIыщIэу дыхэплъэжыну икIи ди республикэм ар мы гъэм процент 17-кIэ (сом мелард 18-м щIегъу) нэхъыбэу кратащ нэгъабэрэм елъытауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет трансфертыр сом мелард 43-м мащIэу щIегъу. Къуажэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ 2023 гъэм республикэм хухахыну субсидиер законым халъхьа зэхуэдэныгъэхэм я ф1ыгъэкIэ сом мелуани 180-м и пIэкIэ сом мелуан 490-м нэс хэхъуащ, - жиIащ сенаторым.

Ульбашевым дыщIигъащ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ1апIэхэм я ухуэныгъэхэри къызэрызэрагъэпэщыр, аращ «Театрэхэм я уардэунэр», республикэ онкологие сымаджэщыр, Налшык къалэм и поликлиникэ №1-р, спорткомплексрэ школ зыбжанэрэ» и чэзум ятыну зэрамурадыр.

Сенаторым КъБР-м и Iэтащхьэм, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым, депутатхэм, республикэм и министерствэхэм ф1ыщIэ яхуищIащ, щIыналъэм щыIэ гугъуехьхэр гъэбелджылыныр я къалэнхэр ягъэзащIэнымрэ зэрегугъуи папщIэ.

Егоровэ Татьянэ ф1ыщIэ псалъэкIэ Ульбашев Мухьэрбий зыхуигъэзащ, республикэм и хабзэубзыху я зэIущIэхэм и лэжьыгъэр ф1ыуэ къызэрилытам къыхкIыу икIи адэкIи зэдэлэжьэну зэрыщыгугъыр дыщIигъуащ.

Депутатхэр зэIущIэм щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризм Iуэхум зэрызыщIужьым теухуауэ «Яблоко» Урысей демократ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кIудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Таппасхановэ Аминатрэ** «Урысей щIыхьэпсо союз» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт **Глазновэ Татьянэрэ** жиIам.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ХуэдитIкIэ нэхъыбэ ящI

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ ящIащ щэнхабзэмрэ гъуэгуэгъэ ящIэ я лэжьакIуэхэм я стипендиехэмрэ театрхэм я грантхэмрэ. Абыхэм ятеухуа указхэр КъБР-м и Iэтащхьэм и сайтым къралъхьащ. ЗэхъуэкIынигъэхэр халъхьащ «Театр гъуэгуэгъэ и Iэнатlэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и грантхэр гъуэгуэгъэ и Iуэхуэкlэ» КъБР-м и Президентым 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №140-УГ-мрэ «Щэнхабзэмрэ гъуэгуэгъэмрэ я Iэнатlэхэм папщIэ къэрал стипендиехэм я Iэхъуэкlэ» КъБР-м и Iэтащхьэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №211 УГ-мрэ.

ТЕАТРХЭМ папщIэ грантхэр сом мин 500-м иплIакIэ дэтхэнэри сом зы мелуан ящI. Щэнхабзэмрэ гъуэгуэгъэмрэ я лэжьакIуэ нэхъ цIэрыцIуэхэм я стипендиехэр сом 6000-м, автор, артист ныбжьыщIэхэу нэхъ зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуахэм папщIэ стипендиехэр сом 4000-м, творческэ щалэгъуалэм папщIэ стипендиекэр сом 3000-м нагъэсыну. Дыз1эрыщIагъуэзащ, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм папщIэ стипендиехэр республикэм и Iэтащхьэм и указкIэ 2020 гъэм и ГъатхэпI мазэми хагъэхъуауэ щытащ. Мыгувэу КъБР-м и Iэтащхьэм Iэ щIидзынущ къэфакIуэ Iуэгуэгъэджэ, симфоние музыкэм и лэжьакIуэхэм папщIэ грантыщIэхэр гъэувыным теухуа указхэм. Абыхэм ялкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и грантыр пллы гъэ къэс дэтхэнэри сом зы мелуан хъуэу ятынущ. Къэфакlуэ, музыкальнэ гупхэм я творческэ проектхэр ядэIыгъыным хуэгъэзауэ. Абыхэм нэмыщI щхьэхуэу йолэжь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармониемрэ симфоние оркестрым и артист ныбжьыщIэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэза документ щхьэхуэм.

Зи ахъшэм хагъэхъуэну творческэ лэжьакIуэхэр цIыху 700-м нэблагъэнущ. ДэIэпыкъуныгъэхэр яубзыхуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек блэкIа илъэсым и дыгъэгъазэм республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм яIуща неужь.

Сталинград зэхуэур дунейм и тхыдэм щынэхъ гуащIэ дыдэу щытащ. Мыбдежым щызэхэкIащ Хэку зауэшхуэм и мызакъуэу, зэрыщыту ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэриухынур, белджылы щыхуащ къыттеуэ бийхэмрэ зызыхъумэжхэмрэ я къарум, я зэхущытыкIэм зыкъызэрызэридзэкIар.

1943 гъэм мазаем и 2-м и ужькIэ Дзэ Плъыжьыр сыт щыгъуиебгъэрыкIуащ. Ауэ ятпэщIыкIэ псори нэгъуэщIат. НэмыщIэхэр Индыл и Iуфэм Iут къалэм къекIуэлIат, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, нэжэгужэу. Гъэмахуэти, Iэщхьэ пцIанэхэт. Жьэ пшынэхэр ягъэзуат. Шэч къытрахьэрэтэкъым кIуэрыкIуэм тету ар къызэращтэнуи. Абыхэм къалэныщIуэхэ къапэщIыт. Сталинград яIэрыхьамэ, Кавказымкlэ кIуэ гъуэгур зэIуха хъурт. Гитлер жиIат: «Сэ зауэр згъэувыIэн хуей хъунущ, Грозным и бензиныр Баку и щIыдагъэмрэ симыIэмэ!» Езы Сталинград къащтэнми куэдрэ ныIыну я гугъэтэкъым.

Арщхьэкlэ псори нэгъуэщIу къыщIкIащ. Махуи 125-рэ - 1942 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ - ебгъэрыкIуами, къалэр къахуэщтакъым. Ахэр Iууащ иныбжьи къэс зыми имыльэгъуа лIыгъэмрэ зэпэщIэтныгъэмрэ. Апхуэдэу щыгъуи, нэхъри нэхъ къаруушхэ ирахьэлIащ. 1942 гъэм щыщхьэIуфм и 23-м сыхьэт 16-рэ дакъикъ 18-м 4-нэ нэмыщI хьэуа флотым и къухьэльатэ псори Сталинград ебгъэрыкIуащ. КIыфI хъуху абы-хэм Сталинград трагъэсхьащ бомбэхэу тонн миным щIигъу.

Илъэсыпlэкlэ, унэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэкъуатат. Ар зы махуэ закъуэм.

Иджыри ящыгъупщэжакъым Хиросимэрэ Нагасакирэ щрадзыха атом бомбэхэм я зэранкIэ куэд зэрыхэкIуэдар. НаIуэу зэрыщIытщи, а хьэкIэхъуэкIагъэм цIыху мин 80-м нэсым я гъащIэр ихьащ. Иужь зэманым ягу къагъэкIыж хъуащ 1945 гъэм США-мрэ Инджылызымрэ я авиацэм Дрезден зэрызэхъуатар, икIи абы цIыху мин 25-м нэс зэрыщыхэкIуэдар. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэд щыгъуазэкъым фашистхэр къыщегъэрыкIуа зэманым Сталинград и деж цIыху мин 90-м щIигъу зэрыщызэтрахуклам.

Иджы дытепсэлъыхьынти зэхуэум и кIэуым. Сыт ящIами, нацистхэм Сталинград къахуэщтакъым. Ауэрэ, езыхэр «мащэм» ихуащ. Къахъуреихьа нэмыщIдзэм хэкIыпIэ иIэжтэкъым. Мис итIанэщ зыхэхуа бэлыхьыр къащыгурыIуар.

Зы нэмыщI зауэлIым езым и Iыхьлыхэм яхуитхат: «Ди псэм гуэзвэгъуэу телъыр зыхуэдизыр зыми къыгурыIуэнукъым. Ар цIыхум и фэм дахуэнукъым. Иужь махуэхэм дызэрыпIыщIэмрэ дызэрымэжаIэмрэ къахьыхьэжащ цIэхэм дызэрашхыр. Ахэр апхуэдизу хъиймкIащи, зыкъыпхаукIэ цIыхьыбрабгъэнышэу. Си Iэпкъльэпкъым зы Iэпапlи иIэкъым, сетIэхъуурэ къизмытхьауэ».

Совет зауэлIхэр Сталинград и деж щытекIуащ. Ди зауэлIхэм я мызакъуэу, езы къалэм щыпсэухэми зихуэдэ щымыIэ лIыгъэ къызэрагъэлъэгъуам и ф1ыгъэкIэ. «Уран» зыф1аща Iуэхум иужькIэ, гъэру ябудащ нэмыщI зауэлIхэу мини 100-м нэс, офицер мини 2,5-рэ, генерал 24-рэ. Гитлер зэрыпхуэдэкIуэхэм я Iэтащхьэ Паулюс Фридрих фельдмаршал цIэр фIищауэ щытащ, тригъэгушхэн мурадкIэ, арщхьэкlэ абы мыхьэнэ гуэри иIэжтэкъым.

А текIуэныгъэ иным и ф1ыгъэкIэ совет щIыналъэр зэкIэлъыкIуэу бийм къыIэщIагъэкIыжу хуежьащ. Иужьк1э щыIащ Прохоровкэ и деж щекIуэкIа танк зауэр, Европэм и къэралхэр хуит къащIыжащ, езы фашистхэм я гъуэ Берлин псы ирагъэжьихьыжащ. ИкIи а псомиращIэдзапIэ яхуэхъуар Сталинградщ. Мис аращ дэ ар ди деж щIэлъапIэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

(Сталинград зэхуэум теухуа тхыгъэхэм 3-нэ напэкIуэцIым ф1ыкъыщеджэ).

● Сталинград зауэзэрыIыр илъэс 80 ирокъу

ЕбгъэрыкIуэныгъэхэм я къежьапIэт

Иджырей зэманым зэхъуэкIыныгъэщIэ хьэлэмэтхэр зфыщекIуэкI къэралыр творческэ цIыху хуэныкъуэщ. Ягъэрей (традиционнэ) ешэныгъэ бгъэдыхьэкIэр екIуэжыркъым егъэджэнигъэм и идкIыгей стандартыщIэхэм (ФГОС). Гъэджэныгъэм, гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм егъэджакIуэхэм я пащхьэм къалэныщIэхэр кърегъуэвэ. Абыхэм ящыщ зыщ щIэблэщIэр езыр и акъылкIэ тэмэму гупсысэфу, нэгъуэщIым щыгугъуэу и ныбжь епытакIэ сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру бгъэдэуэвэфу, абы екIуу хэтыфу, игъуэта щIэныгъэр адэкIэ гъащIэм къыщигъэсэбэныжыфу гъэсэныр. Щэчыныжу, гъащIэм декIуу, зэфIэкI яIэу къэгъэтэджын хуейщ щIэблэр.

ДЭТХЭНЭ зы егъэджакIуэ нэсым хуэдэу, сэри си педагогикэ лэжьыгъэм и мурад нэхъыщхьэр - зигугъэ зи щхьэрэ зэтеIэ, зи къарум кьигъэгугъэ, тегушхуауэ и къэкIуэну гъащIэм хэпсэужьыф, псэкIэ кьулей, лъэщ щIэблэ къэгъэкъунырц. ЕгъэджакIуэр егъэджакIуэ къызэрызтенэкъыр езыр еджхэущ. Ар куэд щIауэ псоми доцIэ. ЕгъэджакIуэм и IэщагъэкIэ сытым дежи зиужьу щытын хуейщ. Программэ материалыр нэхъ зэгъэзэхуауэ, зэщIэкъуауэ, сабийхэм къагурыIуэн хуей Iуэхугъэ нэхъыщхьэр къыхэщу, фIагъ хэлъу еджэныгъэр кьыззэгъэпэщын папщIэ, си лэжьыгъэм къыщызогъэсэбэп IэмалыщIэкъэр. Апхуэдэ лэжьыгъэм и Iэужьщ мыпхуэдэ екъулIэныгъэхэр: еджакIуэр предметым дежьхэх, абы хуаIэ гупытам зеужь, предметым екъэлIауэ нэхъыбэ зригъэщIэным хущIокъу; езы егъэджакIуэм и щIэныгъэмрэ и Iэщагъэмрэ ирегъэфIакIуэ; иубзыхуа лэжьыгъэр фIы дыдэу зэфIокI.

КъыдэхъулIэ Iэмалыщ щIэхэм ящыщщ бгъэдыхьэкIэ щхьэхэр. Сабийхэм я зэфIэкIыр, къуэкIыр зэрызэхуэмыдэм къыхэкIыу хэти нэхъыфIу, хэти нэхъ Iеиныу йоджэ. Аращи, абыхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу дадолажьэ.

Адыгэ литературэм ныбжьыщIэхэр дегъэзыжьыныр сэ къызохъулIэ, гупсысэм зезыгъэжьа Iэмалыр къэзгъэсэбэпу. Художественнэ тхыгъэр зэпкърыхкIэрэ, сабийхэм я нравственнэ гъэсэныгъэм зэгъэзэхуэным гупытэшхуэ хузощI. Урокым и щIэдзапIэм абы хэлъыну Iуэхугъуэ зэхъыщхьэ дыдэр соубзыхури, сабийхэм я пащхьэ изолъхьэ. Абы кьыпкърыкI упщIэхэр дерс псом зэпкърыдох, зэгъусэу абыхэм я жуаIэхэр кьыдогъуэт, урокым и Iэм еджакIуэ кьэс а Iуэхугъуэм езым и епльыкIэ иIэж мэхъу. Апхуэдэ дерсхэм еджакIуэхэм я зэхэщIыкIым, гупсысэкIэм зрегъэжьа, езыхэм яIэ Iуэху епльыкIэр наIуэу, тегушхуауэ, хуиту кьаIуатэ. Псалъэм папщIэ, Iутlык Борис и «Къэужьей» драмэ поверстыр щыдджьим, проблемэ нэхъыщхьэу уваш «адэ-анэмрэ бынымрэ яIэн хуей зэхущытыкIэр». Сабийхэм щхьэпэ яхуэхъун гупсысэ куэд кьыхахащ мы тхыгъэм: «Псалъэ гуащэ фIэжьа щумыгъэтым и дзеж, зыри жумыIэн нэхъыфIщ щыIэ кьым», «Жьыгъэр зыри кьыпхуэзымыжьжьыбзэ нэщIщ. УхыпIэм и щIэдзапIэр зыхозыгъащIэ узщ. А узыр зэуэлIа дэтхэнэри гупытэ хуэныкъуэщ», «Зэанэжьилъхуэр зэхуэщIыIэ хьумэ, адрейхэр зэхуэмылъхущ, мы дунеемкIэ». Абыхэм я Iуэхугъуэр: еджакIуэр предметым дежьхэх, абы хуаIэ гупытам зеужь, предметым екъэлIауэ нэхъыбэ зригъэщIэным хущIокъу; езы егъэджакIуэм и щIэныгъэмрэ и Iэщагъэмрэ ирегъэфIакIуэ; иубзыхуа лэжьыгъэр фIы дыдэу зэфIокI.

КъыдэхъулIэ Iэмалыщ щIэхэм ящыщщ бгъэдыхьэкIэ щхьэхэр. Сабийхэм я зэфIэкIыр, къуэкIыр зэрызэхуэмыдэм къыхэкIыу хэти нэхъыфIу, хэти нэхъ Iеиныу йоджэ. Аращи, абыхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу дадолажьэ.

Адыгэ литературэм ныбжьыщIэхэр дегъэзыжьыныр сэ къызохъулIэ, гупсысэм зезыгъэжьа Iэмалыр къэзгъэсэбэпу. Художественнэ тхыгъэр зэпкърыхкIэрэ, сабийхэм я нравственнэ гъэсэныгъэм зэгъэзэхуэным гупытэшхуэ хузощI. Урокым и щIэдзапIэм абы хэлъыну Iуэхугъуэ зэхъыщхьэ дыдэр соубзыхури, сабийхэм я пащхьэ изолъхьэ. Абы кьыпкърыкI упщIэхэр дерс псом зэпкърыдох, зэгъусэу абыхэм я жуаIэхэр кьыдогъуэт, урокым и Iэм еджакIуэ кьэс а Iуэхугъуэм езым и епльыкIэ иIэж мэхъу. Апхуэдэ дерсхэм еджакIуэхэм я зэхэщIыкIым, гупсысэкIэм зрегъэжьа, езыхэм яIэ Iуэху епльыкIэр наIуэу, тегушхуауэ, хуиту кьаIуатэ. Псалъэм папщIэ, Iутlык Бориз

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іэуху

Лъапіэу къаІэрыхьа текІуэныгъэ

1941 - 1945 гъэхэм екІуэха Хэку зауэшхуэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэми увыпІэ ящІэ зэрыкІыІуэ щыгъуй Сталинград деж Дзэ Пльыжым щызыІэригъэхьа текІуэныгъэм. Совет сэлэтхэм абдежым щагъуэдж бжьыпэр зауэр иухыху яутІыпщыжакъым.

НОБЭРЕЙ Воронеж, Ростов, Волгоград областхэмрэ Къалмыкъ Республикэмрэ яубыд щыІэпІэрыц щекІуэкІар мы махуэхэм дигу кьэдгъэкІыж зэхэуэшхуэр. Къару абрагъуэ зэпэщІэт лъэныкъуитІми ирашэлІат Сталинград и Іэгъуэблагъэм, хэкІудари мелуан бжьыгъэм щІегъу.

ЗэпэщІэтныгъэм зэрызиубгъуа щыкІэр Іыхьитіу ягуэш. Ящэ Іыхьэм 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м щІидзэри, щэкІуэгъуэм и 18 пщІондэ екІуэкІащ, нэмыщІадзэр ипэкІэ кІуатэу, советыдзэр икІуэту е зихъумэжу. ЩэкІуэгъуэм и 19-м щегъэжьауэ, Дзэ Пльыжым нэмыщІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм ебгъэрыкІуэн щІидзэри, 1943 гъэм мазаем и 2-м биидзэр къызэрымыкІыжьфыну «Іуэм» ираубыдзку къызэуІэкІыжьа. Илъэс 80-р зэпхари а махуэрэ.

Индылрэ Дон Іуфэмрэ жащ-махуэ 200-кІэ щызэпэщІэтащ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэмрэ советыдзэмрэ. Ауэрэ зэзэуэ лъэныкъуитІыр Сталинградэ и кІуэцІым щызэхуэзащ. ЛъыкІепсыкІым хуэкІуа Іэщдрыбанэм километр зэбгъуэнатІу зиныр 100-м зыщиубыгъуар, фронтым километр 400-м щегъэжьауэ 850-м нэс и кІыхьагът. ЛъэныкъуитІми рогэ зэхэту ирагашэлІа цІыху бжьыгъэр мелуани 2-рэ мини 100-м щІигъурт. Дунейпсо тхыдэм къыщыхуэца зэхэуэ псоми и инагъэр и гуащІагъкІэ щхьэпрыкІыжауэ къальытэ Сталинград зауэзрылІыр тхыдэджхэм.

Сталинград деж щекІуэкІ зэпэщІэтныгъэм и унафэр Совет Союзым и лъэныкъуэкІэ Іэщіэлът Штаб нэхъыщхьэм и унафэщІ, генерал-лейтенант Василевский Александр. Сталинград фронтыр, Илщэ-КъуэкІыпІэ, Илщэ-КъуэхьэпІэ, Тэн фронтхэр – а псори хэпщІауэ щыташ Сталинград зауэзэрылІым. ИрагъэкІуэтын шынагъуэр зыщхьащыт сэлэтхэм ядэІэпыкъуну кІуэхэм ящыщу я щІэр къухощІэж Воронеж фронтым, Индыл псы-ежэхым тета кхъухьидзэм, Сталинград бгъэдэта топгъауэ дзэм.

1942 гъэм и гъэмахуэм нэмыщІэхэм я мурадт къэралым и кум щызауэ дзэхэмрэ илщэ лъэныкъуэмкІэ щыІэхэмрэ зэпэлэщІэ ящІу, Кавказым, Псыжь, Тэн деж зыщцызыубгъу щыІанатэм щІэлъ хъугъуэфыгъуэхэр я Іэмышіэ иралъхьану. Ар срагъэхъулІэфамэ, зауэр ихуэгъэ кхъпІытэ хьунут.

Верхмахтым щыщу Сталинград деж щызэуэну кхьихаар Паулюс Фридрих и унафэ щІэт 6-нэ армэрт. Сэлэт мин 270-рэ, жыжьэрыуэ Іэщзу мини 3, абыхэм танк 500 я гъусэу, хьэуам щызауэ кхъухьлатэ 1200-рэ ящхьэщыту кьежьат биидзэр. Бадзэуэгъуэм и 31-м дэІэпыкъуэгъу ямыІэу зэрымыкъунур къагурыІуэ иужь, нэмыщІэхэм я зауэлІ бжьгъэр агъэбэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм щыща 4-нэ танк армэмкІэ.

Советхэм я лъэныкъуэкІэ къаІэным я нэхъ гуащІэр зыхьыр Сталинград фронтыр. Абы хэтт сэлэт мини 160-рэ, жьжьэрыуэ Іэщзу мини 2, танк 400. Абыхэм хьэуам щызауэ 8-нэ армэр ядэІэпыкъурт кхъухьлатэ 454-кІэ, лагъымыдз авиацэм и кхъухьлатэзу 150 - 200 я гъусэу. ЗэхэгъэкІыпІэр зыхуэзэр Тэн псыежэхым и Іуфэрт, абдежым 62-нэ, 64-нэ армэхэр щытт, бийр псым къызэрамыгъэкІыныр я кьалэну.

Зыщдахъумэжа Іыхьэр екІуэкІыху, бийр хэтащ совет зауэлІхэр Тэн деж къыщиухъуреихьу, Калач кьалэм деж Сталинград зэрыдихьэн Іэмалыр щызыІэригъэхьэну. Маухуитхкіэ нэмыщІдзэм пэщІтауэ, Дзэ Пльыжьыр бадзэуэгъуэм и 22-м икІуэтын хуей хъуащ. Бийм зызэщІикъуэжри, аргуэру совет-хэм кьатеуэн щІидзэжат, нэм къиубыдыр ьхьдэ ъэмыкъу. ШыщхьэуІум и 10 пщІондэ екІуэкІащ ТІум ящэ щытемыкІуэ лъыгъажэр. ХэщІыныгъэшхуэ яІэу икІуэта пэтми, совет сэлэтхэм шыщхьэуІум и 17-м пІалъэкІэ бийр къагъэувыІащ. ЛъэныкъуитІми я дзэхэм дэІэпыкъуэгъуэхэр хуагъакІуэрт, итІани, щытыкІэм зихъуэжыртэкъым.

ФокІадэм и 12-м нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэр Сталинград дзт трактор заводым бгъэдыхьащ. Совет сэлэтхэр уэрам дэкІыпІэ къэс я псэр пэщІэгъэкъуэуэ зауэрт, зы бжьизи бийм Іэрамыгъэхьэн щхьэкІэ. ЩэкІуэгъуэм и 11-м нэмыщІхэм Сталинград къаубыд пэтащ, арщхьэкІэ щэкІуэгъуэм и 18-м ебгъэрыкІуэн щІагъэтащ. Абдежым щыщІедзэ Сталинград зауэзэрылІым и етІуанэ Іыхьэм.

1942 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м Дзэ Пльыжым дакъикъэ 80-кІэ хьэуа топгъауэзэмкІэ Гъэгъу зритыжщ, кьалэм зыщызыгъэбдыдэ нэмыщІдзэр кІиуэхуереихьи, зэтриуэкІэн щІидзащ. Абдежым къыщыхуэхэр псалъэуэа зыбжанэзу тхыдэм щиува щхьэкІэ, хьэдагъэ мащІэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуакъым, нобэми наІуэ ямыщІа щэху гуэрхэр утыку кьаръхьэжу апхуэдэзу. Сыти жьІи, щэкІуэгъуэм зыщІидза зауэзэрылІыр щиухар мазаем и пэщІодзэращ. ЩэкІуэгъуэм и 23-м ирихъэлІэу, совет-хэм къаухъуреихьа нэмыщІ сэлэт мин 300-м щыщу кьэзак мин 90-р Гъэру яубыдри, нэмыщІэкІэ Индылрэ Тэнрэ километрищ бжьыгъэкІэ бгъэдахужаэу щытащ.

НэмыщІхэм ящыщу сэлэт куэдыкІей хэкІуэдащ Сталинград зауэзэрылІым. ЯуІакъэм, уІэгъэ хуэхэм, гъэру яубыдахэм е хъыбарыншэу кІуэдахэм я бжьыгъэр псори зэхэту 1 мелуанрэ ныкъуэм щІегъу. ЕтІуанэ дунейпсо зауэм зэрыщІидзэрэ яп дыдэу абы щыгъэщІ нэмыщІэхэм ЛъапкъІыгъу махуэ къыщыдахар. Мы текІуэныгъэм и щхьэусыгъуэкІэ СССР-м кхъухьлэ мурадхэр къэрал куэдым яхъуэжат. Япониер Совет Союзым кьезэуэну хуеижкъым абы иужькІэ. Тыркум, Германием хигъэзыхьэр пэт, зауэм хэмыІэбэнэр хэхъ кьищащ. Сталинград деж хахуэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа Дзэ Пльыжьым и фЫгъэкІэ Хэку зауэшхуэми ЕтІуанэ дунейпсо зауэми щыщІэ щытыкІэм къэгъаазэ имыІэу зихъуэжат.

Паулюс зэрызитауэ щытар

2021 гъэм, Сталинград зауэзэрылІыр илъэс 79-рэ щрикъум ирихьэлІэу, УФ-м ЗыхъумэжныгъэмкІэ и министерствэм къигъэнэІуауэ щытащ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм я лъэныкъуэкІэ 6-нэ армэм и дзэзешэу щыта генерал-фельдмаршал Паулюс Фридрих 1943 гъэм щІыщыІэм и 31-м гъэру зэраубыдам теухуа дэфтэр.

ЗЫ МАХУЭ закъуэт дэкІар Паулюс генерал-фельдмаршал зэращІрэ. Кьалэм дэкІыну къахуимыдзу, нэмыщІэкІэ я къапхъэнымк ирезыгъэубыда Гитлер иджыри гугъэ кьыщІэкІынт и дзэм бэлыхьым я нэхъ Іейр къыщымыщІыну. Паулюс Сталинград дэт универмагым и щІыныэм зыщІгъэбыдаеу щІэсти, езым щхьэхъумэрэ шугъуэсу къыбгъэдэт Адам Вильгельм гъэру зэраубыду, нэмыщІдзэм и унафэщІхэр ди дзэзешэхэм кьепсалъэну зэрыхуейр совет лъэныкъуэм яжриІащ, сыту жьыІэмэ, Паулюс и гъусэу иджыри вермахтым и генерал 24-рэ яубыдат.

